ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ХЕКІЫПІЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ
ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№193 (21.351) ● 2008 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 3, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ льапІэр Половинкинэ Т. В. фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Музей Іуэхур егъэфІэкІуэныкІэ бгъэдэлъ фІыщІэм папщІэ икІи ильэс куэд льандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм кыхэкІыу «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щІихабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ льапІэр фІэщын **Половинкинэ Тамарэ Василий и пхъум** - Сочи курорт кьалэм и тхыдэмкІэ музейм и этнографие къудамэу Лазаревскэм щыІэм и щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыжьым.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык кьалэ
2008 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м
№94-УП

Шынагъуэншагъэм теухуауэ

КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен Правительствэм и Унэм щригъэкІуэкІащ республикэм и хабзэхьумэ органхэм я унафэщІхэр зыхэта зэІущІэр. Абы щытепсэльыхьащ Къэбэрдей-Балькъэрым и щІыналъэм хабзэр щыІэтЗэгъэнэныкІэ, щынагъуэншагъэ къыщыгъэгъэпщынымкІэ лэжьыныхьэм.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1анІэ.

● Дыгъуасэ

Зэрагъэзащ1эр къапщытэ

КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щригъэкІуэкІащ республикэм и муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я администрацэхэм я Іэтащхьэхэм я зэІущІэ.

АБЫ ЯПЭУ щедаІуащ социально-экономикэ зыужьыныгъэ я лъэныкъуэкІэ Лэскэн муниципальнэ районым и Іуэху зыІутым теухуауэ куей администрацэм и унафэщІ **ЛІыхъугу Хьэжмурид** ищІа отчетым.

Ар зэпкърыхауэ къытеувыІащ нобэ ирихьэлІэу я Іэнатіэхэм щызэфІэгъэкІа хъуахэмрэ дяпэкІэ нэхъыщхьэу зэрагъэзащІэнухэмрэ.

Президентым кьызэрыхигъащамкІэ, лъэпощхьэпо куэдхэр щыІэми, районыщІэм хуэм-хуэмрэ зыкъыІэтэ, Іуэху зехьэкІэщІхэм зыщеубгъу, абыхэм щІыху нэхъыбэ хэша мэхъу.

Лэскэн куейм и зыужьныгъэм сэбэп хуэхъуну кІылытэ хэкІыпІэхэр игъэнэІуэ нэужь, Кьанокъуэ Арсен зэпкърихащ щІыпІэ самоуправленэмкІэ органхэм я финанс-хозяйственнэ Іуэхущ1афэр зыхуэдэмрэ абыхэм кьапэщыт кьалэнхэмрэ.

ЗэІущІэм хэтащ КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Іэтащхьэ **Къэжэр Альберт**, Правительствэм и Унафэщ1 **Ярин Андрей**, абы и кІуэдзэкэу **Тхьэзэрэпльыж Мурат**, **Дышэкі Мадинэ**, **Чеченов Ануар**, министрхэр, кІуэлыкІуущІэ щхьэхуэхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Псэм и Іэфіыр зытхэр

Дыгъуасэ Налшык дэт Къэрал концерт гъэтхэгъуапІэм гуфІэгъуэ щыпхь щыІэзэхэтащ. Ар теухуауэ щытащ Егъэджакіуэм и дунейпсо махуэм.

РЕСПУБЛИКЭМ и егъэджакІуэхэм еХьэхьуну зэІущІэм зыкъыгъэхьэлІащ КъБР-м и Президент **Кьанокъуэ Арсен**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 **Ярин Андрей**, КъБР-м и Парламентым и ТхьэмадэІ **Бечелов Ильяс,** КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр **Шхъэгъэпсо Сэфарбий** сымэ, нэгъуэщІхэмэ. Абыхэм псалъэ гуапэ куэд жраІащ яГъэтхьэпІэну пщыхьым кьрагъэблагъэ егъэджакІуэ пашэхэм.

Зэхуэсым кьеХьэІа егъэджакІуэ 100-м щІигъум ахэтт «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым щытекІуэу УФ-м и сагъэт нэхъыщхьэр тыгъэ зыхуащІахэри, егъэджэныгъэгъэсныгъэ Іэнатіэм щІэ куэд хэзыльхьэ, ар псэемыблэжу езыгъэфІакІуэ Іэщ1агъэлІэхэри.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Инвестицэ проектхэм хоплъэ

● Къэрал къулыкъущ1апІэхэм

ЗэІущІэр КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен иегъэкІуэкІ.

Жэпуэгъуэм и 1-м Правительствэм и Унэм щызэхэтащ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и деж Инвестицэхэмкіэ щыІэ советым и зэхуэс.

ЗэІущІэм и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и ПрезидентІ**Кьанокъуэ Арсен,** Парламентымрэ Правительствэмрэ я Унафэщ1хэу **Бечелов Ильясрэ Ярин Андрейрэ,** инвестицэ проектхэм я унафэщ1хэр.

Советым и зэІущІэм зыщытепсэльыхьахэм ящыщу Лэскэн муниципальнэ районым инвестицэ лэжьыгъэр зэрыщекІуэкІыр, сэбэпынагъшхуэ зыпылъ машинно-технологие станцэхэр ухуэныр, Сэрмакъ цемент завод щыщІыныр, нэгъуэщІхэри.

Сэрмакъ цемент завод щыухуэным ехьэлІауэ я кьыззэхуэсахэм я пащхьэм кьыщыпсэльащ «КАРТЭЗ» ухуакІуэ компанием и генеральнэ директор **КьуэщІысокьуэ Анзор.**

- Проектым и уасэщ соми мелаРа 1,08-рэ. Заводым мазэ кьэс кьыщІигъэкІыфынуэ цемент тонн 600 (ильэсым ар тонн мин 200 мэхъу). Госстройм иригъэкІуэкІа кьэхутэныгъэхэм тепщІыхьмэ, 2010 гъэм ирихьэлІэу ильэсым кьриубыдэу кьэралыр щыщІэнущ цемент тонн мелуан 25-рэ. Заводым и Іуэхур зэрыдэкІынум и щыхьэтщ къэралым иригъэкІуэкІ ухуэныгъэ инхэр. Абыхэм ящыщу, псальэм папщІэ, «Щыхуэхэр псэупІэкІэ кьыззэпэщынымрэ лъэпкъ проектыр. Абы ипкъ иткІэ, ильэс кьэс нэхъыбэ мэхъу псэупІэ ухуэныгъэхэр. Апхуэдэу 2010 гъэм УФ-м и щІыналъэхэм щекІуэкІыну ухуэныгъэхэм псори зэхэту метр зэбгъуэнатІэ мелуан 80 кьыззэщІаубыдэнущ. Іуэхум иджыри дэщІыгъупхьэщ республикэм цемент щащІ завод зэрымытыр икІи ильэсым и кІуэцкІэ цыхухэм цемент тонн мини 170-м щІигъу нэгъуэщІ щыпІэхэм кьыщащэхун хуей зэрыгъэкІуэкІ, - жиІащ Къуэщ1ысокьуэм.

ЗэІущІэм апхуэдэу щытепсэльыхьащ сэбэпынагъашхуэ зыпылъ машинно-технологие станцэр ухуэным. Инвестицэ проектым и кьалэн нэхъыщхьэу щытщ мэкъумэщІ-щІэхэмрэ цыхубгъэмрэ Іуэхутхьэбзэхэр яхуэщІэныр. Проектым лэжьэн щІидзэмэ, цыху 36-м лэжьапІэ ягъуэтынущ, улахуэу ику иту сом мин 11-м щІигъу кьажьынущ, сом мелуани 10 щыпІэ бюджетым ильэс кьэс хилъхьэнущ.

- Ди зэманым мэкъумэш техникэр икъукІэ зэпэубыдащ икІи абы кьыхэкІкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэу щытщ ахэр тэмэму, зыхуей хуэпэщэу я кьэгъэсэбэпыныр. Ар кьыщыдэхьулІэнур техникэр квалификацэ льагэ зиІэ Іэщ1агъэлІхэр щылажьэ зы Іуэхущ1апІэм и Іэмыші1э ильу щытмэщ, - жиІащ Лэскэн районым и унафэщІым и къуэдзэ **Мэкъуауэ Арсен.**

КъыкІэльыкІуэ инвестицэ проекту зэІущІэм и гугъу щащІащ щІыгъэпшэр кьыщыщІатІэжкІ Іуэхущ1апІэ кьыззэІухыным. Советым хэтхэр проектым щыгъуазэ ищІащ «Аргудан-Агро» Іуэхущ1апІэм и кьызэгъэпэщ1акІуэ **Теувэжькьуэ Хьусен:** «Дэ кьыщІэдгъэкІыну ди мурад щІыгъэпшэрым ди щІыналъэм и мызакъуэу, къэралым и нэгъуэщІ щІыпІэхэми я мэкъумэшыщІэхэм сэбэпынагъ ин кьахуихьынущ. Щ1ыгъэпшэрыр зыхэплъхьа щІым кьытепх гъавэм и бэвагъыр яп ильэсым процент 30 - 50-кІэ нэхъыбэ ещІ. Кьызхэгъэщыну сыхуейщ ди продукцэр экологие и лъэныкъуэкІэ кьабзэу зэрыщытыр».

Вольфрамым иджыпсту дуней псом щІэупщІэшхуэ щиІэ хуэщ1. ИкІи Іыгрныауэ комбинатыр зэфІэгъэувэжьым мыльку кьыхилъхьэну жэрдэм ищІащ Японием и «Marubeni Corporation» компанием.

- А проектыр пхыгъэкІыным республикэм и деж**:** мыхьэнэщхуэ иІэщ, - жиІащ КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен. - Абы и фІыгъэкІэ Іуащхьэмахуэ куейм цыхуэхэр Іэнатіэкіэ кьыщыгъэгъэпэща хъунущ, лэжьапІэ хьарзынэ пэкІуэу.

ЗэІущІэм апхуэдэу зи гугъу щащІа инвестицэ проектхэм ящыщ Тамбукъан гуэлым кьыхах ятІэр кьагъэсэбэпурэ фармацевт, косметологие хущхьуэхэкІэр кьыщІагъэхьныр (лэжьыгъэр иригъэкІуэкІынущ «Бивитекс» Іуэхущ1апІэм), КъБР-м и щІыналъэхэр Интернет псынщІэкІэ, спутникКІэ зэпыщІэныр (проектым и кьызэгъэпэщ1акІуэщ «Инвестэлектросвязь» акционер обществэ зэхэущІар).

МЭЗКУУ Кьанщобий.



Сурэтхэр МАМИЙ Руслан *трихащ.*

● КъБР-м и Лыхъужьхэр ягъэлъапІэ

Олимп чемпионхэр Шэджэм къалэ щызэхуоэз

Сурэтыр ХОЛЛАЕВЭ Марзият *трихащ.*

Шэджэм къалэ дэт физкультурнэ спорт комплексым иджыблагъэ гуфІэгъуэ зэІущІэ щызэхэтащ. Абы щагъэлъапІащ Олимп Джэгуэм я чемпионэмрэ призерхэмрэ: лъакъуэрыгъажэ зэпеуэмкІэ КъБР-м и япэ Олимп чемпион Щыхъуэ Борис, алыдж-урым бэнэкІэмкІэ Олимп чемпион Къардэн Мурат, олимпиадэхэм атлетикэ хьэлъэмкІэ етІуанэ,ещанэ увыпІэхэр кьыщызыхьа Аккаев Хьэжмурат, олимпиадэм дзюдомкІэ жэз медалыр къэзыхьа Тау Хьэсэнбий сымэ.

СПОРТСМЕНХЭМ ехьэхуну гуфІэгъуэ пщыхьым кьрихьэлІащ КъБР-м Физическэ культурэмрэ спортымкІэ и комитетым и унафэщІ АфІэунэ Аслъэн, Шэджэм район администрацэм и унафэщІ Мамбэт Михаил, куейм физкультурэмрэ спортымкІэ и комитетым и унафэщІ Бекъан Хьысэр, спортым и ветеранхэр, нэгъуэщІхэри.

ЗэІущІэм кьыщыпсэльа АфІэунэ Аслъэн жиІащ республикэм и Правительствэм, спортым зегъэужьыным, ныбжьыщІэ нэхъыбэ дегъэхьэхыным, спортсменхэм щІэгъэкъуэн яхуэхъуным гулъытэшхуэ хуищІ зэрыхъуар.

- Апхуэдэу, школхэм, щэнхабзэмкІэ урохэм кьыдэкІуэу, дэ хэдгъэхьащ футболымкІэ дерсхэри, - жиІащ абы. - Налшык щауэрэнущ лъэрыжэкІэ мылым кьыщджахьыну уэрдэунэ. Республикэм и жылагъуэхэм спорт комплексыщІэхэр щауэрэнущ, кьызэІуахахэри зыбжанэ мэхъу. Ди Президентри Правительствэри мылъкум и мызакъуэу, сыт и лъэныкъуэкІи спортсменхэм щІэгъэкъуэныщхьэ яхуохъу.

ЗэІущІэр гуапэу, кьрихьэлІа балигъхэми ныбжьыщІэхэми я дежкІэ гукъинэжу екІуэкІащ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● КъБР-м и Парламентыр ильэс 70 щрикъум ирихьэлІэу

Іуащхьэмахуэ и щыгум докІ

Іуащхьэмахуэ гъапэ щызэхэущІыжащ Европэм щыпхэхь гъаГэ бгым псынщІэу дэкІыныкІэ дунейпсо зэхьэзэхуэу Къэбэрдей-Балькъэрым и хабзэубзыху Іэнатіэ нэхъыщхьэр ильэс 70 зэрырикъум и щІыхькІэ зэхашар. Зэхьыхьэр кьызэрагъэпэщащ КъБР-м и Парламентымрэ Физкультурэмрэ спортымкІэ и къэрал комитетымрэ, «ТОП СПОРТ ТРАВЕЛ» компаниер ядэщІыгъуу.

АПХУЭДЭ Іуэху ди республикэм иджы етІуанэу щызэхэущ1эу аращ, а жылагъэм дунейм и щытыкІэр арэзы ykъэзыщІыным хуабжьу пэжыжьэу кьыщІэкІамэ, абы зыкІи нитъэпщ1ыхьеякъым зэхьэзэхуэм хэтахэр - щекІуэкІыну щІыпІэхэр хьарзынэу кьыхахат, зэпеуэр кьызэрызэрагъэпэщари спортсменхэм хьэщІэхэмэ ягу ирихьат.

Урысейм и щІыпІэ 15-м, хамэ къэралу 6-м я лЫкІуэу зэхьэзэхуэм хэтыну Іуащхьэмахуэ гъапэ къэкІуа альпинист 55-м гупитІу загъэшри, зыр Азау уэхым, адрейр Башиль къыр гъапэм щежьри, Урысейм и тельыджиблым хиубыдэ бгым дэкІащ.

Зэхьэзэхуэм кьрикІуам ипкъ иткІэ, Теберда (КъШР) кьыкІа **Губанов Роман** яп хъущ, пщащэхэм ящыщу щхьэзакъуэ зачеткІэ яп увыпІэр зыІэригъэхьащ Прохладнэ кьалэ щыщ **Петровэ Аннэ** (ар зыхэта командэм кьихьар 6-нэ увыпІэщ). ТекІуэкъэм зэфІэкІ хъарзынэ кьэзыгъэтъэгъуаз хэми медалхэмрэ тыгъэ гъапІэхэмрэ ираташ.

Кьызэгъэпэщ1акІуэхэм я мурадщ апхуэдэ зэхьэхьэхэр нэхъыбэрэ зэхащэну, ахэр гъапэкъ зэнибжьагъэр зыгъэбыдэ Іэнухуфіхэм ящыщ хъуну щогугъ.

ПЕКЪУ Хьэбалэ.

«Си лъахэр Урысейрщ»

Апхуэдэ фІэщыгъэщІэм щІэту Налшык и «Дружба» санаторэм иджыблагъэ щекІуэкІащ Урысейм и Ипщэ щІыналъэм и щІалэгъуалэм я зэІущІэшхуэ.

АР КЪЫЗЭРАГЪЭПЭЩАЩ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІалэгъуалэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ я Іуэхухэмкіэ и комитетымрэ Урысейм щыпсэу льэпкъхэм я ассамблеемрэ. Мы Іуэхур диІыгъащ «Зыуэ щыт Урысей» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм. ЗэІущІэм и кьалэн нэхъыщхьэр Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу льэпкъхэм я зэныбжьэгъуугъэмрэ мамырыгъэмрэ гъэбыдэнырэ.

Мы зэхуэсыщхьэм и зэІущІэ щхьэхуэхэр щызэхэтащ КъБР-м и Парламентым, Гъуазджэмкіэ Кавказ Ищхьэрэ институтым, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм егъэджэныгъэр егъэфІэкІуэныкІэ и центрым. Мыбы хиубыдэу апхуэдэу екІуэкІащ Урысей Ипщэм щыпсэу льэпкъхэм я щэнхабзэ фестивали.

ЛЪОСТЭН Муэз.

Олимп зэщІэхъеныгъэм хуэпабгъэу

АБХЪАЗ. *Республикэм и Олимп комитетым и исполкомым и генеральнэ секретарь Джопуа Адамур зэрыжІамкІэ, я Іуэхущ1апІэм и кьалэн нэхъыщхьэр кьыкІэльыкІуэ Олимп Джэгуэм абхъаз спортсменэр я къэрал ныпым щІэту хэтынырщ, лъапкъ Олимп комитет кьызэгъэпэщынырщ.*

«АБХЪАЗЫМ щекІуэкІ спорт зэхьэзэхуэхэр Олимп зэщІэхъеенигъэм и мардэм тет зэпытщ, ди спортсменхэм дунейпсо зэхьэзэхуэхэм екІуэ зыкъыщагъэльагъуэ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, абыхэм я нэхъыбэр нэгъуэщІ къэралхэм я ныпым щІэту утыку йохьэ. Абы кьыхэкІыу кьалэн нэхъыщхьэу кьытпэщытыр кьыкІэльыкІуэ Олимп Джэгуэм къэралыгъуэ щхьэхуэу дыхэтыным хуищІэкъуныр», - жиІащ Джопуа Адамур.

Район хэхьыныгъэхэр

АДЫГЕЙ. *Щ1оджэн район администрацэм и унафэщІ Хьуажь Налбий и къулыкъу пІалъэр зэрикІам кьыхэкІыу, куейм и тхьэмадэ хэхьныгъэхэр жэпуэгъуэм и 12-м екІуэкІынущ*

РЕСПУБЛИКЭМ и Хэхакіуэ комиссэм кьызэриттамкІэ, Щоджэн районым и унафэщІ кьулыкъум щІыхуэнбл щІэбэнынущ. Ахэр иджыпсту а кьулыкъум пэрыт Хьуажь Налбий, «Щоджэн» ПМК-м и тхьэмадэ Кьуижь Аслъэн, Кьуэн Хьалид, Хьуажь Рустам сымэщ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Ди къуэл рассуждэхэм

«Адыгэ псальэр» кьыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

Фигу кьыдогъэкІыж 2009 гъэм и япэ ильэс ныкъуэм кьыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр зэрекІуэкІыр.

Ильэс ныкъуэм ди газетым и уасэр сом 356-рэ кІэлІейкІи 10-рэщ.

«Адыгэ псальэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущ1апІэ псоми.

Ди индексыр 51531

Зым хуэзфІэкІынукъым

Иджы дыдэ екІуэкІа Іуэхухэм кьагъэлъэгуащ сыт хуэдизу льэщу щымытми, зы къэралыр щхьэхуэм я экономикэм я финанс хуэзкІэмрэ дунейпсо Іуэхуэхэр зэрытэфІамыгъэкІыфынур.

Санкт-Петербург кьыщыщыпсалъэм апхуэдэу жиІащ УФ-м и Президент Медведев Дмитрий. «Ар сэ нэхъапэми мызэ-мыгІэу зыкъэзгъэщащ, иджы кьэхъуар дольагъу. Экономикэ-финанс Іуэхуэхэр псоми зэгъуэсу зэфІагъэкІын хуейщ, ахэр зым и закъуэ и пщэ дильхьэж хъунукъым», - кьыхигъэщхьэхукІащ Президентым.

Нэщхъеягъуэ махуэ

Оренбург областым жэпуэгъуэм и 3-р нэщхъеягъуэ махуэу щагъэуващ.

ЩІыналъэм щахуощІагъэу Беляевскэ курыт школым кьыщыхъуа насыпыншагъэм хэкІуэдахэм. НаГъуэу зэрыщытщи, унэр щызэрагъэпэщыжым еджапІэм и етІуанэ, ещанэ щІыпІэ кьагъуэтащ: ахэр Москва къэкІуащ уней кхъухьлъатэ мышинкІэ.

Киев зэрыщагъэхьыбарымкІэ, Ющенкэ Виктор хущІэкуащ апхуэдэ щІыкІэкІэ Тимошенкэ Юлие Москва къимыгъэкІуэну.

Зэпымыууэ нэхъ льапІэ мэхъу

МафІэгушІэр къэралым зэпымыууэ щыдокІуей .

Иджы дыдэ гъущІ гъуэгу билетхэр аргуэру процент 23,5-кІэ нэхъ льапІэ хъущ. Зэрыщыту кьапщтэмэ, ильэсым зэрыщІидзэрэ ахэр процент 40-кІэ нэхъ льапІэ хъущ. Гъущ1 гъуэгу лэжьакІуэхэм инфляцэр тегъэщІапІэ ящІ, арщхьэкІэ статистикэм кьызэригъэльагъуэмкІэ, ар мы гъэм процент 10-м щІигъуакъым. *(ИТАР-ТАСС).*

НОБЭ

♦ Германие Федерацэ Республикэм и льэпкъ гуфІэгъуэщ - герман зэкъуэтыныгъэм и махуэщ (1990).

♦ Корее Республикэм 1948 гъэ льандІэрэ щагъэлъапІэ къэралыр кьыщыззэрагъэпэща махуэр. КьызэралытэмкІэ, диэрэм и пэкІэ 2333 гъэм Тангун кьызэригъэпэщащ яп коРее къэралыр - Пасэрей Чосоньр.

♦ **ОМОН-р кьыщызэрагъэпэща урысейсмо махуэщ.** Ильэс 20 и пэкІэ (1988) СССР-м и МВД-м и Іэтащхьэм кьыдэкІыжа унафэм ипкъ иткІэ, жылагъуэ-политикэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхуэхэр щрагъэкІуэкІэ хабзэм емыбэкъуэм мурадкІэ, СССР-м и щІыналъэ 23-м кьыщызэрагъэпэщащ мыхьэнэ щхьэхуэ зыгъэзащІэ милицэм (ОМОН) и гупхэр.

♦ Урысейм и Президентым и Указым ипкъ иткІэ жэпуэгъуэм и 3-5-хэм екІуэкІынущ Астрахань кьалэр кьызэрызэрагъэпэщІэ (1558) ильэс 450-рэ зэрырикъум ехьэлІа гуфІэгъуэ Іуэхуэхэр.

♦ Ильэси 180-рэ и пэкІэ (1828) Урысейм рэ Бразилиемрэ дипломатие зэпыщІэныгъэ зэхуагъуэващ.

♦Жэпуэгъуэм и 3-4-хэм Астрахань щекІуэкІынущ Каспий тендзыным и Іуфэм Іус къэралхэм я правительствэхэм я экономикэ конференц.

♦ Екатеринбург щекІуэкІынущ III Урысей вексель конгресс.

♦ Урысей усакІуэ Есенин Сергей (1895 - 1925) кьыщалъхуа махуэщ.

♦ **Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 7-рэ дакъикьи 8-м, кьуэкъжьыщ сыхьэт 18-рэ дакъикьэ 44-м.**

♦ **Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 11-рэ дакъикьэ 36-рэ.**

ПІалэгъэр зыгъэхъэзырыр ШАЛ Мухьэмэд.

Зы выр шхэмэ, зы выр мэгурым.

«Адыгэ Хекіыпіэ» газетым и редакцэм ящІэрыгъуэ щыІэ ныбжьыщІэхэм я къэралыгъуэ зэхуэдэ зэрыщІэныгъэ, я Іуэхущ1апІэм и кьалэн нэхъыщхьэр кьыкІэльыкІуэ Олимп Джэгуэм абхъаз спортсменэр я къэрал ныпым щІэту хэтынырщ, лъапкъ Олимп комитет кьызэгъэпэщынырщ.

Ди къуэл рассуждэхэм

Щ1оджэн районым и унафэщІ Хьуажь Налбий и къулыкъу пІалъэр зэрикІам кьыхэкІыу, куейм и тхьэмадэ хэхьныгъэхэр жэпуэгъуэм и 12-м екІуэкІынущ

Ди индексыр 51531

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

НАЛЫК

№5
2008 гъэ

Ди къалащхьэмрэ къалэдэсхэмрэ ятеухуа напэкIуэцI

Хабзэ хьуауэ, Налшык и утхэм щIалэгъуалэ эхуэс зэхуэмыдэхэр щIэх-щIэхыурэ йокIуэкI. Апхуэдизщ, псальэм папщIэ, Абхъазым и утым бзэржьей щыпхьэщхьэ къэс щыIэхашэ адыгэ джэгур. Ди гуапэщ ар хэкупсэ зиIэ ди щIалэгъуалэм я жэрдэмкIэ кыиэгъэпэща эрыпхъуар. А зэхьокIэ дахэм, нэгъуэщIапхуэдэ зэхуэсхэм кьалэдэсхэр зэрепльым иджыблагъэ щыпхъуаэ зытщIащ. Щыхухэр я фэкIэ зэрыпхуэмыдэм хуэдэу, абыхэм я гупсысхэри зэщхькIыж.

Бзэржьей адыгэ джэгур йокIуэкI.

Сэхъу Маринэ, *унэгущэ:* Сэ Абхъаз утым пэмыжьыхьэу сыщопсэури, куэдрэ срохьэлIэ абы щекIуэкI зэхуэсхэм. Хуабжьу сыдекьэх щIалэгъуалэм кьыэрагъэпэщ джэгум. Лъэпкыр ущIэгушхуэн Iуэхугъуэщ ар. Зи щIалэгъуэ пщащэхэмрэ щIалэхэмрэ ауэ кьыздэфэ кьудейкьым, атIэ ижь-ижьыж льандэрэ адыгэхэм кьадекIуэкIа щэнхабзэм, лъэпкъ хьэлым гъунэгъу ауэ кьыздэкIуэкIа щэнхабзэм, лъэпкъ хьэлым гъунэгъу дыдэм ди нобэмрэ зэпызыщIэщ. Апхуэдизуи мы утыр кьэфэкIэ екIуэм, дахэм зи щIалэгъэхэр хуэзыгъасэщ. Мыбдеж щекIуэкIхэм кIэлъыплъахэм гуфIэгъуэ Iуэхуу яIэмэ, ар тэрэзу зэрыраГэкIуэкIыфынум шэч хэлъкъым.

КIэмпIар Верэ, *къулыкъущIэ:* Адыгэ джэгум иIэн хуэй щытыкIэм йоувэж, и тепльэри егъэтыж. Ар гуапэщ. ФIыщIэ лей яхуэфащэщ ар зи Iуэхуу утыку кьызыдыхьэжам, мыхьэнэшхуэ зиIэ а лъэпкъ хьугъуэфIыгъуэр къэзыгъэщIэрэщIэжьым. Куэдым ящIэжьрэтэжьым адыгэ кьэфэкIэм и мардэхэр. Дэльей-кьельыххэу, кьаГьафэ бзылъхъуэм зыжьыхаГьауэу, гъунэгъу дыдэу жьэхэтьадэу кьафэ хьуат нэхьыбэр. Иджы Iуэхум фIыкIэ зехьэжь. Япрауэ, утыкум ит кьафэхэм яку нэмыс зэрыдэлIэпыр наIуэщ, етIуанэрауэ, дауи, утыкур зыгъэдахэр зи щIалэгъуэхэрщ - ахэрщ нэхьыбэу пшынобэзэм и лъэр щIигъэкIыр, ещанэрауэ, нэхъыжьыбIуэ кьыщыдэми, абы пщIэ лей зэрыхуащIыр езы кьафэми кьыхощ: ар нэхъ хуэм ящI, Iэгуми нэхъ Iэдэбу йоуэ.

Абхъаз утым щыIэхаублэ адыгэ джэгуи и IэужьыфIу кьызолытэ зи гугъу сщIа Iуэхугъуэхэр. Апхуэдизу а зэхьокIэм и фIыщIэщ щIалэгъуадэр зэхэтыкIэ екIуэм зэрелъэ зэрыхьужьыр. Ауэ щыхьхьэ, пщIэ лей яхуэфащэщ ар зи щIалэгъуэ щIыщIэ зэрыхьужьыр. Ауэ щыхьхьэ, пщIэ лей яхуэфащэщ ар зи щIалэгъуэ щIыщIэ зэрыхьужьыр йокIуэкI. Апхуэдизщ, псальэм папщIэ, Абхъазым и утым бзэржьей щыпхьэщхьэ къэс щыIэхашэ адыгэ джэгур. Ди гуапэщ ар хэкупсэ зиIэ ди щIалэгъуалэм я жэрдэмкIэ кьыиэгъэпэща эрыпхъуар. А зэхьокIэ дахэм, нэгъуэщIапхуэдэ зэхуэсхэм кьалэдэсхэр зэрепльым иджыблагъэ щыпхъуаэ зытщIащ. Щыхухэр я фэкIэ зэрыпхуэмыдэм хуэдэу, абыхэм я гупсысхэри зэщхькIыж.

Сэхъу Маринэ, *унэгущэ:* Сэ Абхъаз утым пэмыжьыхьэу сыщопсэури, куэдрэ срохьэлIэ абы щекIуэкI зэхуэсхэм. Хуабжьу сыдекьэх щIалэгъуалэм кьыэрагъэпэщ джэгум. Лъэпкыр ущIэгушхуэн Iуэхугъуэщ ар. Зи щIалэгъуэ пщащэхэмрэ щIалэхэмрэ ауэ кьыздэфэ кьудейкьым, атIэ ижь-ижьыж льандэрэ адыгэхэм кьадек